


## FICH ENFÒMASYON SOU PÈT ODITIF

### Kisa pèt oditif ye?

Ka gen **pèt oditif** lè youn nan zòrèy yo pa fonksyone byen. Sa enplike pati deyò zòrèy la, pati mitan an, pati anndan nèt la ak nè yo. Ka gen pèt oditif nan youn oswa nan toulède zòrèy yo. Pèt oditif ka lakoz yon timoun gen pwoblèm langaj epi li ka gen difikilte pou li aprann. Li kapab lakoz genyen pwoblèm tou nan kapasite sosyal yo ak konpòtman l.



### Siy ak Sentom yo

Ou kapab dekouvrir ke pitit ou a gen pwoblèm pèt oditif lè yo fèt. Tout tibebe yo pase tès avan yo kite lopital la. Pèt oditif la ka rive oswa ou ka vin remake sa pandan y ap grandi. Siy ak sentom pèt oditif yo diferan pou chak timoun. Sa ka rive pitit ou gen pwoblèm oditif si li:

- Te pran tan avan l kòmanse ka pale pandan l timoun
- Pa pale klè
- Pa swiv enstriksyon (ou ka panse yo pa prete atansyon oswa yo jis inyore w)
- Li toujou ap di "Hein?"
- Monte volim televizyon an twò wo
- Pa gen okenn reyakson fas ak gwo bri
- Pa reyaji lè li tandé vwa w
- Ap plenyen pou zòrèy fè mal, doulè nan zòrèy oswa bri nan tèt li

### Tès Depistaj ak Dyagnostik

Yon **tès depistaj oditif** ka pèmèt ou konnen si pitit ou a ta gen pèt oditif. Yon tès depistaj oditif fasil e li pa fè mal. Dabitid li genyen ladan l son dou ke yo jwe nan kas. Y ap mande pitit ou a pou l leve men l chak fwa yo tandé son an. Timoun yo ta dwe fè tès oditif yo avan yo kòmanse ale lekòl. Mennen pitit ou kay doktè si w panse li gen pèt oditif. Timoun ki pa t fè tès oditif la dwe pase yon egzamen oditif konplè pi bonè ke posib.

Yon **egzamen oditif konplè** se yon egzamen konplè ki fèt nan yon klinik pou zòrèy. Egzamen an ap ede detèmine si pèt oditif la ap pase oswa rete. L ap ede deside tou ki tretman ki pi bon pou ede pèt oditif pitit ou a.

### Kisa ou ka fè?

Mande doktè pitit ou a pou li verifye kapasite oditif li si sa patko janm fèt. Li pi fasil pou timoun yo aprann ak grandi pi byen si yo pran swen pwoblèm oditif yo bonè. Pa rete tann!